

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang

Aya opat kaparigelan dina makéna basa nya éta ngaregepkeun, nulis, nyarita jeung maca. Éta Opat kaparigelan téh, mangrupa hiji beungkeutan anu disebut caturtunggal. Kalawan silih lengkepan sarta silih pangaruhan. Kaparigelan nulis umumna dianggap kaparigelan panghéséna ku siswa sabab dina nulis siswa kudu bisa ngébréhkeun naon-naon anu aya dina pikiranana kana wangun tinulis, nu tangtuna waé siswa diarahkeun loba maca buku sangkan loba référénsi pikeun bahan tulisan. Beuki loba buku anu dibaca, beuki jembar pangaweruh siswa, leuwih loba deui caritaan atawa hal anu bisa dijadikeun bahan tulisan ku siswa.

Nulis mangrupa kecap nasal tina tulis nu hartina nya éta barangjieun aksara, angka, /. Serat; nulis ku mangsi dina keretas, aya nulis maké gerip, patlot, kapur dina bor, péso pongot dina daun lontar (Danadibrata, 2006, kc. 713).

Unggal jalma anu mimiti nulis pasti ngalaman héngkér dina ngamimitian atawa muka caritaan. Aya sababaraha hal anu ngalantarankeun éta hal di antarana waé kabeungharan kosa kecap anu dipimilik sarta masih kaku sabab can biasa nulis. Éta hal mangrupa pancén utama guru dina ngabiasakeun siswa sangkan daék nulis sarta kamampuhna bisa ngaronjat.

Tulisan siswa tangtu bakal hadé lamun siswa geus maham kana basa Sunda. Maham di dieu hartina siswa geus biasa maké basa Sunda dina kahirupan sapopoé sarta kosa kecap nu dipimilik geus loba. Saupama siswa can maham dina ngalarapkeun basa Sunda sarta kosa kecap nu dipimilik ngan saeutik tangtu karangan atawa tulisan anu dihasilkeun bakal kurang nyugemakeun. Biasana loba campur kode jeung basa Indonésia.

Dina hasil obsérvasi anu dipigawé ku panalungtik di SMPN 5 Bandung, aya sababaraha bangbaluh dina nepikeun pangajaran basa Sunda, di antarana ieu di handap.

- a. Kabeungharan kosa kecap basa Sunda siswa SMPN 5 Bandung bisa disebutkeun kurang sabab méh sakabéh siswa maké basa Indonésia dina kahirupan sapopoéna boh di lingkungan kulawarga boh di lingkungan sakola.
- b. Kurang mahamna kana basa jeung budaya Sunda nyababkeun siswa kurang kairut pikeun diajar sosen-sosen, sabalikna siswa acuh jeung nganggap yén pangajaran basa Sunda téh teu penting.
- c. Kurang kairutna siswa pikeun nulis pangalaman pribadi maké basa Sunda. Hal ieu bisa disababkeun ku sababaraha hal, di antarana métode pangajaran anu dipaké pikeun pangajaran nulis contona métode ceramah can bisa ngirut siswa pikeun nulis karangan maké basa Sunda.
- d. Siswa teu boga kahayang pikeun bisa basa Sunda. Ieu hal dilantarankeun kurangna motivasi ti diri sorangan sarta dorongan boh ti guru, babaturan, boh ti kulawarga.

Sababaraha hal di luhur ngabalukarkeun guru teu bisa sagemblengna nepikeun pangajaran basa Sunda maké basa Sunda tapi campur jeung basa Indonésia. Ieu hal ngahambat pisan kana kalancaran prosés diajar sabab kurang mahamna kana basa Sunda nyababkeun prosés diajar jadi méh lambat. Pikeun ngungkulan ieu masalah, guru salaku pangajar dipiharep kudu miboga stratégi sangkan kabeungharan kosa kecap siswa bisa ngaronjat. Salian ti éta guru kudu milih média anu éféktif pikeun nepikeun pangajaran sangkan siswa ngarti jeung tangtuna kudu bisa ngirut karep siswa sangkan daék nulis kalawan bisa nyieun tulisan basa Sunda anu hadé. Lamun geus maham kana basa Sunda, siswa bakal leuwih kairut pikeun diajar basa Sunda jeung budaya Sunda sabab manéhna ngarti kana naon anu dipedar.

Ayana pangajaran nulis pangalaman pribadi geus katitén dina Kurikulum KTSP. Saluyu jeung SKKD Mata Pelajaran Bahasa jeung Sastra Sunda, pangajaran nulis pangalaman pribadi téh aya jeung diajarkeun di kelas VII (Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat, 2007, kc. 94).

Pikeun ngaronjatkeun kosa kecap basa Sunda sarta kamampuh siswa dina nulis pangalaman pribadi, média *diary* jadi salasahiji solusi alternatif nu baris dipedar ku panulis.

Nepi ka kiwari aya sababaraha panalungtikan anu kungsi dilakukeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi téh nya éta ieu di handap.

1. “Modél *Konstruktivisme* dina pangajaran nulis carita pangalaman (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas X2 SMA Negeri 1 Bandung Taun Ajaran 2011/2012).
2. *The use of Diary Writing to Improve Students skills’ in writing Recount Text ( classroom action research of Tenth Year of SMA Ma’rif Karangawen in the academic year 2011 / 2012.*
3. Asti Kurnianingsih, 2201405567 (2009) *Writing Diary as an Alternative Technique in Teaching Written Recount Text. A Final Project.* Under Graduates thesis, Universitas Negeri Semarang.
4. *Using Diaries To Improve English Writing Skill For The Third Year Students Of Smpn 1 Lamongan.*

Panulis miboga karep ngalarapkeun ieu media *diary* pikeun panalungtikan anu judulna “*Média Diary pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Pangalaman Pribadi (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII F SMPN 5 Bandung Taun Ajaran 2013/2014)*”.

## **1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah**

Masalah dina ieu panalungtikan perlu diidéntifikasi sangkan leuwih museur sarta perlu dirumuskeun sangkan leuwih jéntré.

### **1.2.1 Idéntifikasi Masalah**

Dumasar kana kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan bisa diidéntifikasikeun jadi sababaraha masalah nu patalina jeung a) perluna mekarkeun kréativitas guru dina ngokolakeun pangajaran, sangkan hasil diajar siswa bisa ngaronjat; b) loba média anu bisa dipaké ku guru pikeun ngaronjatkeun hasil diajar siswa; jeung c) média *diary* mangrupa salasahiji média anu bisa dipaké pikeun ngaronjatkeun hasil diajar siswa.

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Masalah-masalah anu dipedar dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun patalékan saperti ieu di handap.

- a. Kumaha kamampuh siswa kelas VII F SMPN 5 Bandung dina nulis pangalaman pribadi maké basa Sunda saméméh maké media *diary* ?
- b. Kumaha kamampuh siswa kelas VII F SMPN 5 Bandung dina nulis pangalaman pribadi maké basa Sunda sanggeus maké média *diary*?
- c. Naha aya bédana kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII F SMP Negeri 5 Bandung Taun Ajaran 2013/2014 saméméh jeung sanggeus maké média *diary*?

### 1.3. Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga tujuan umum jeung tujuan husus saluyu jeung anu dijéntrékeun ieu di handap.

#### 1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngungkulan pasualan atawa masalah dina pangajaran nulis pangalaman pribadi di siswa kelas VII F SMPN 5 Bandung.

#### 1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun:

- a. Kamampuh nulis pangalaman maké basa Sunda siswa kelas VII F SMPN 5 Bandung saméméh maké media *diary*;
- b. Kamampuh nulis pangalaman maké basa Sunda siswa kelas VII F SMPN 5 Bandung sanggeus maké média *diary*;
- c. Bédana kamampuh nulis pangalaman pribadi saméméh jeung sanggeus maké média *diary* di kelas VII F SMP Negeri 5 Bandung Taun Ajaran 2013/2014.

## 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Tangtuna dina unggal panalungtikan anu dipigawé miboga mangpaat. Panalungtikan ieu ogé tangtuna miboga mangpaat boh sacara tioritis boh sacara praktis, kalawan dipedar ieu di handap.

### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat pikeun anu mikabutuh pangaweruh ngeunaan média pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis pangalaman pribadi maké basa Sunda.

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan di antarana sakumaha dipedar ieu di handap.

- a. Siswa, ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi maké basa Sunda sarta kamampuh dina ngébéhkeun ide dina wangun tinulis leuwih bisa kalatih ku dipakéna ieu média *diary*.
- b. Guru, ieu média *diary* bisa dijadikeun alternatif pikeun dipaké ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis karangan basa Sunda.
- c. Paélmuan, nambahan variasi média dina népikeun pangajaran ngarah leuwih variatif sangkan henteu monoton.
- d. Panalungtik, nambahan pangaweruh ngeunaan kamampuh nulis pangalaman maké basa Sunda siswa saméméh jeung sanggeus maké média *diary*, ngalatih kamampuh dina nalungtik, nambahan référénsi média dina népikeun pangajaran pikeun prak-prakan ngajar di lapangan.
- e. Nu maca, nambahan pangaweruh ngeunaan média *diary* dina ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa maké basa Sunda.

## 1.5 Raraga Tulisan

Ieu laporan panalungtikan téh disusun jadi lima bab. Bab I mangrupa bab munggaran dina ieu panalungtikan. Anu dipedar dina ieu bab nya éta ngeunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan

diayakeunna ieu panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan. Bab II medar ngeunaan tiori-tiori anu aya dina ieu panalungtikan. Dina ieu bab dipedar leuwih jero ngeunaan média *diary*, kaparigelan nulis, jeung pangalaman pribadi. Salian ti éta, dina ieu bab aya anggapan dasar jeung hipotésis anu miboga tujuan pikeun méré anggapan awal kana hasil panalungtikan.

Bab III mangrupa bab anu eusina medar ngeunaan métode panalungtikan anu dipaké dina ieu panalungtikan. Eusina ngawengku léngkah-léngkah panalungtikan, prak-prakan ieu panalungtikan, jeung cara ngolah data tina hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun. Bab IV mangrupa bab anu ngadéskripsikeun hasil panalungtikan anu geus dilakukeun. Eusina mangrupa sagemblengna hasil tina panalungtikan anu geus dilakukeun, ngawengku prak-prakan panalungtikan jeung data hasil panalungtikan ngeunaan Média *Diary* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Pangalaman Pribadi.

Bab V mangrupa bab anu pamungkas anu eusina mangrupa kacindekan pedaran hasil panalungtikan sarta aya rékoméndasi anu ditepikeun panulis jeung hasil panalungtikan.